

PISUNGSUNG

katur bapak r.d.s. hadiwidjono
ing ngayogya

ukaraku iki rak ora nyangklak ta, bapak
minangka pisungsung lan atur panuwunku
rikala aku kesasar ana tengah dalan
panjenengan paring obor pepadhang
rikala aku bingung kelangan gegondèlan
panjenengan paring teken kasantosan

ukaraku iki rak ora nyangklak ta, bapak
minangka pisungsung lan atur panuwunku
wiji pari kang dak-deder wingi
saiki wis semi

prawan sengkeran kang dak-tresnani
saiki nagih janji

tembangku iki rak ora ampang ta, bapak
minangka pisungsung lan atur panuwunku
rikala aku ngorong kasatan
panjenengan paring banyu bening sa-klenting
rikala aku mutung kelu ing pambidung
panjenengan paring daya panyurung

tembangku iki rak ora ampang ta, bapak
minangka pisungsung lan atur panuwunku
rikala aku rangu-rangu
panjenengan paring donga pangèstu
rikala aku ditantang satru bebuyutan
panjenengan ngunus pedang ligan nampani tantangan

bapak
yèn aku kawin
panjenengan dak-aturi dadi modin

Moch. Nursjahid P.
(in: Jaya Baya no. 15, December 1971).